



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ELAJI KOUVÈTI SWEN SANTE POU 800,000 TIMOUN NAN NEW YORK

*Amanman Egzonerasyon asire timoun ki poko gen sis zan gen yon kouvèti san entèripsyon nan Child Health Plus ak Medicaid*

*Egzonerasyon elijiblite kontinyèl pral ankouraje ekite sante atravè Eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke eta a kapab kounye a ofri timoun ki poko gen sis zan elijibilite kontinyèl nan Child Health Plus ak Medicaid. Chanjman sa a senplifye enskripsyon nan pwogram sa yo lè li redui fado administratif yo epi li asire ke Nouyòkè ki pi jèn yo gen aksè konstan ak pwoteksyon jiska laj sis zan. Sou lidèchip Gouvènè Hochul, Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health, NYSDOH) te soumèt yon egzonerasyon Ekip Remanman Medicaid 1115 ki te apwouve pa Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid. Apwobasyon sa a swiv angajman Gouvènè a pou amelyore sistèm swen sante Nouyòk la, avanse ekite sante ak elaji kouvèti swen sante.

"Lè nou agrandi kouvèti sante pou 800,000 timoun atravè eta nou an, n ap asire yo gen pwoteksyon san enteripsyon yo bezwen pou mennen yon vi epanouyi ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Egzonerasyon sa a pèmèt nou bay fanmi yo opsyon nan sa ki gen pou wè ak swen sante pitit yo, epi n ap toujou fè plis efò pou kreye yon avni ki an sante pou Nouyòkè ki pi jèn nou yo."

Devouman Gouvènè Hochul pou asire bon jan kalite swen sante atravè eta a solidifye pozisyon Nouyòk nan lis eta k ap grandi ki bay timoun ki poko gen si zan yo elijibilite pou asirans sante kontinyèl.

Genyen plis pase 800,000 timoun ki poko gen si zan ki enskri nan Medicaid ak Child Health Plus ki ta ka benefisye de chanjman sa a.

Apati septanm 2024, plis pase 2.5 milyon timoun ki poko gen 18 an te enskri nan Medicaid ak Child Health Plus, sa ki fè Nouyòk gen youn pwogram asirans sante piblik ki pi abondan nan peyi a. Medicaid ak Child Health Plus disponib pou enskripsyon pandan tout ane a epi yo bay benefis sante konplè pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo, ki gen

ladan fanmi ki gen revni fèb epi ki gen timoun, granmoun aje, timoun nan swen adoptif, fanm ansent ak moun ki gen andikap yo.

**Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Sa a se yon anons trè enpòtan epi ki rive alè. Timoun yo tèlman vilnerab, epi yo gen risk pou rezilta sante negatif grav, si yo pa gen aksè ak bon jan kalite swen sante. Apwobasyon egzonerasyon sa a ki soti nan CMS reprezante yon gwo travay ki soti nan depatman an, epi li demontre patenarya solid nou an ak gouvènman federal la nan reyalize objektif komen nou yo nan rezilta sante optimal pou timoun nou yo ak reyalize ekite sante."

**Direktè pwogram Medicaid Eta Nouyòk la, Amir Bassiri, te deklare,** "Timoun ki pa kapab jwenn aksè ak sèvis sante ki nesèsè yo gen plis chans pou yo soufri konsekans negatif alontèm pou devlopman mantal, fizik ak sosyal yo. Lè yo bay timoun piti aksè san enteripsyon ak asirans sante, egzonerasyon sa a pral ede pwoteje kapasite yo pou yo pwospere depi nan konmansman an, ankouraje pi bon rezilta sante pou Nouyòkè vilnerab yo epi redwi disparite sante sistemik atravè eta a."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Medicaid se baz swen sante pou plizyè milye Nouyòkè, epi apwobasyon federal sa a nan egzonerasyon Medicaid Nouyòk la pral asire ke plis timoun piti ka jwenn aksè ak swen. Kounye a, fanmi atravè Nouyòk pral gen plis opsyon swen sante pou pitit yo. Mwen kontan travay kòt a kòt ak Gouvènè Hochul pou rann swen sante pi abòdab epi aksesib pou Nouyòkè ki pi jèn nou yo."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Aksè ak bon jan kalite swen sante esansyèl pou asire timoun Nouyòk yo ka pwospere fizikman, mantalman, ak akademikman, e mwen fyè pou m wè eta nou an ap pran mezi pou ogmante aksè sa a. Egzonerasyon sa a pral elaji pwoteksyon swen sante pou popilasyon ki pi vilnerab nou yo, sa k ap ede amelyore rezilta sante alontèm pou pwochen jenerasyon an. Mwen bat bravo pou CMS paske li apwouve egzonerasyon sa a, epi mwen pral kontinye defann san rete nan nivo federal pou asire ke Nouyòkè yo jwenn swen yo bezwen."

**Reprezantan Jerrold Nadler te deklare,** "Li enpòtan pou timoun Nouyòk yo gen aksè ak bon jan kalite ak pwoteksyon swen sante san enteripsyon. Mwen kontan dèske CMS te apwouve amannman 1115 MRT Nouyòk la pou ofri timoun ki poko gen laj sis zan kalifikasyon kontinyèl nan Child Health Plus ak Medicaid."

**Reprezantant Nydia M. Velázquez, te deklare,** "Agrandisman kouvèti asirans sa a pral ede asire ke tout timoun, kèlkeswa orijin yo, gen aksè ak swen sante yo bezwen pou yo pwospere. Lè Nouyòk priyore pwoteksyon sante kontinyèl pou timoun ki poko gen sis zan, y ap bay yon egzant pwisan pou eta yo k ap fè patenarya ak gouvènman federal la pou amelyore ekite sante. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak administrasyon li an pou devouman yo pou pwoteje byennèt timoun vilnerab yo atravè eta a."

**Lidè Demokrat la, Hakeem Jeffries, te deklare,** "Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul pou asire ke prèske yon milyon nan pi jèn Nouyòkè nou yo pral kapab

kwonn aksè ak kouvèti asirans sante konplè atravè Medicaid pou mete yo sou yon chemen ki an sante pou lavni. Nan Washington, Demokrat Chanm yo pral travay pou konstwi sou efò istorik nou yo pou diminye depans medikaman sou preskripsyon yo epi elaji Lwa sou Swen Abòdab atravè Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an epi pwoteje Medicaid kont ekstremis ki vle andomaje swen nou an."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Gouvènè Hochul ap bay plis pase 800,000 timoun ki poko gen sis zan an pwoteksyon swen sante pou sove lavi yo, l ap akonpli pwomès li pou amelyore sistèm swen sante Nouyòk la epi asire aksè ekitab ak swen sante pou tout Nouyòkè yo. Lè nou asire timoun yo ap rete enskri nan Medicaid ak Child Health Plus san entèripsyon, Depatman Sante Eta Nouyòk la ap anpeche konsekans fizik, mantal ak sosyal pou tout dire lavi a. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay avèk Gouvènè a pou asire sante fanmi Nouyòk yo."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Twòp timoun nan kominote nou yo pa kwonn bon sèvis epi yo pa kapab kwonn swen yo bezwen akòz pri swen sante ki wo. Anons jodi a ap fè nou avanse pi pre rezoud pwoblèm ijan sa a nan Eta Nouyòk. Elaji elijibilite pou Child Health Plus ak Medicaid pou timoun ki poko gen sis zan pral fè yon diferans reyèl pou fanmi yo, ba yo sekirite ak lapè nan lespri ki soti nan konnen sante ak sekirite pitit yo se yon priyorite. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou devouman li pou sipòte fanmi yo, epi mwen pa ka tann pou kontinye travay nou ansanm pou envesti nan byennèt yo."

**Reprezantan Dan Goldman, te deklare,** "Kondisyon elijibilite abitrè pou Medicaid pa ta dwe janm entèpoze ant yon jèn timoun ak biwo doktè a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li travay pou aplike egzonerasyon 1115 la, ki pral asire pwoteksyon swen sante san entèripsyon pou 800,000 timoun atravè Nouyòk. Bon sante ak aksè ak swen sante regilye nan premye ane yon timoun ogmante chans pou yo viv yon lavi an sante pandan lontan. Li enperatif pou nou fè tout sa ki posib pou asire timoun atravè peyi nou an gen aksè ak pwoteksyon swen sante konplè, fyab ke yo merite."

**Reprezantan Tim Kennedy, te deklare,** "Chak timoun merite aksè ak yon kòmansman ki an sante nan lavi yo. Agrandisman kouvèti sante sa a bay plizyè milye timoun atravè Nouyòk yon fondasyon solid pou yo bati byennèt pandan tout lavi yo ak opòtinite pou yo pwospere."

Amandman pou egzoneyon an revize egzansyon MRT 1115 aktyèl la nan modifiye kritè kalifikasyon ki egziste deja pou timoun nan Medicaid ak Child Health Plus, pou pèmèt yo enskripsyon kontinyèl menm si sikonstans fanmi timoun nan chanje. Diferans nan kouvèti asirans pou timoun piti yo ka prejidi pou sante ak byennèt alontèm yo. Eksperyans sa yo ka gen enplikasyon negatif alontèm pou sante mantal ak fizik timoun yo, nivo edikasyon yo, ak sekirite finansye yo.

Lè li resevwa apwobasyon sa a, Gouvènè Hochul te asire aksè san enèripsyon ak asirans sante ki pral asire timoun yo konekte ak kouvèti asirans ak swen sante esansyèl pandan ane fòmasyon yo, ki gen ladan sèvis prevansyon enpòtan ak swen primè. Sa

ranfòse angajman solid Gouvènè a pou mete Nouyòk alatèt swen sante pwogresif ak konpatisan.

[W ap jwenn plis enfòmasyon sou amannman egzonerasyon Elijibilite Kontinyèl MRT 1115 lan isit la.](#)

[W ap jwenn plis enfòmasyon ak kòmantè piblik pou amannman Egzonerasyon Elijibilite Kontinyèl MRT 1115 lan isit la.](#)

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)